*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 220 (25949)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 29 ноябр — джеоргуыбайы мæйы 29 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД — *Куыстыты æмгъуыд — афæдзы кæронмæ*

3 ЦАРДЫ НЫВТÆ — *Тыхзмæлд ма кæнæм*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Самбо*

**Адæмæн зонинаг**

## Комкоммæ бастдзинад – РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлоимæ




**29 ноябры 18 сахатыл райдайдзæн Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлоимæ æрвылазон "комкоммæ бастдзинады линийы" куыст.**

**Телеуынынад æмæ радиойы эфиры регионы разамонæг бæстон дзуаппытæ ратдзæн республикæйы цæрджыты ахсджиагдæр æмæ тыхстагдæр фарстытæн.**

**Цæгат Ирыстоны цæрджытæн ныридæгæн фадат ис сæ фарстытæ рагагъоммæ ахæм телефонæй бадæттынæн: +7 (8672) 33-30-50 (ацы номыр кусдзæн комкоммæ эфиры рæстæг дæр). Уымæй уæлдай, фарстытæ барвитæн ис: Телеграмы чатбот @sprosi_glavu15_bot-мæ, социалон хызæгтæ "ВКонтакте" æмæ "Одноклассники"-йы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы аккаунттæм.**

**Цæгат Ирыстоны разамонæгимæ "комкоммæ бастдзинады линимæ" бакæсæн æмæ йæм байхъусæн уыдзæн: национ телекомпани "Осетия-Ирыстон"-ы эфиры, социалон хызæгтæ "Телеграм" æмæ "ВКонтакте"-йы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы аккаунтты, национ телеканал "Осетия-Ирыстоны"-ы "YouTube" æмæ "Rutube"-каналтæ æмæ "Телеграм"-аккаунты, Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æмæ Хицауады официалон сайты (alania.gov.ru), паддзахадон телерадиокомпани "Алани"-йы сайт æмæ радио "FM Алани"-йы эфиры.**

**Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.**

**Æхсæнад**

## Сахъат адæмæн – æппæт фадæттæ дæр

**Цæгат Ирыстоны профилон ведомствæты минæвæрттæ раиртæстой, стыр базарадон центрты бахизæнтæ куыд ифтонг сты пандустæ æмæ сахъат адæмæн хъæугæ иннæ техникон фæрæзтæй, уый.**

Республикæйы Экономикон рæзты министрад æмæ ведомствæты специалисттæ бабæрæг кодтой 34 алыхуызон базарадон центры.

Рейдон къордты минæвæртты хатдзæгтæм гæсгæ, коляскæйыл чи цæуы, уыцы сахъат адæймагæн хъæугæ æппæт техникон фæрæзтæй ифтонг сты æрмæстдæр 2 базарадон центры. Иннæ базарадон организациты хицæуттæн амынд æрцыд, цæмæй ацы къорды адæмæн сæ организациты саразой æппæт хъæугæ фадæттæ дæр. Уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, базарадон центрты ныронг дæр ифтонг уыдысты кæцыдæр техникон фæрæзтæй, фæлæ уыцы куыст æмбæлгæ уагыл кæронмæ ахæццæ кæнын хъæуы.

Профилон ведомствæтæ сæ цæст дардзысты, хъуагдзинæдтæ аиуварс кæнынæн цы мадзæлттæ арæзт цæуа, уымæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Хъусынгæнинаг**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй



**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты нудæсæм æмбырд уыдзæн 2023 азы 30 ноябры 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæаразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2023 азы 30 ноябры 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары бацæуæны.**

**Телефонтæ: 53-13-06; 53-33-16.**

**Æхсызгон фембæлд**

# Мадæлтæн — кадджын хæрзиуджытæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО зæрдиаг арфæ ракодта Цæгат Ирыстоны мадæлтæн Мады боны фæдыл. Республикæйы разамонæг сын бузныг загъта рæзгæ фæлтæримæ сæ удуæлдай хъомыладон куысты тыххæй.**

— Алы адæймагæн дæр зæххыл ныййарæг мадæй зынаргъдæр нæй! Фæнды мæ, ацы залы чи бады, уыдонимæ та нæ республикæйы æппæт сылгоймæгтæн дæр стыр арфæ ракæнын уæ диссаджы æвзыгъд кæстæрты, уæ æвæлмæцгæ уæздан куысты тыххæй. Мæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, стыр цæрæнбон, амонд æмæ кæстæрты хорздзинад! Уадз, æмæ уæ алкæй хæдзар дæр йедзаг уа амонд, рухс æмæ хъæлдзæг худтæй, — арфæ ракодта Сергей Меняйло.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Указмæ гæсгæ, ныййарæджы хæстæ зæрдæбынæй чи æххæст кæны, сывæллæтты хъомыладмæ стыр бавæрæн чи хæссы, уыцы мадæлтæн лæвæрд æрцыд "РЦИ-Аланийы Мад-хъæйтар"-ы кадджын ном.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Дунеон равдыст**

# Форум "Уæрæсе": Ирыстоны культурæйы къуыри

**Мæскуыйы Адæмон хæдзарады æнтыстдзинæдты æппæтуæрæсеон центры дарддæр йæ куыст кæны дунеон форум "Уæрæсе". Ивгъуыд къуырийы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы экспозици лæвæрд уыд культурæйы къабазы зынгæдæр цаутæн. Йæ архайджытæ та уыдысты республикæйы културæ æмæ аивады минæвæрттæ.**




Къуырийы дæргъы цæгатирыстойнаг стендтæ чи бабæрæг кодта, уыцы уазджытимæ фембæлдысты РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæдивæг **Хъуысаты Зæлинæ**, нывгæнæг, Уæрæсейы нывгæнынады академийы кадджын уæнг **Байцаты Людмилæ**, сфæлдыстады къабазы иннæ кусджытæ. Фысымтæ æмæ уазджытæн-иу алкæддæр бацайдагъ зæрдæмæдзæугæ ныхас Ирыстоны культурæ æмæ аивады абоны уавæрыл, дарддæры райрæзты нысантыл... Кæй зæгъын æй хъæуы, стенды уазджытæм бирæ фарстытæ равзæрд. Цæгат Ирыстоны культурæйы ахсджиагдæр цаутæ æмæ зынгæдæр архайджыты цард æмæ сфæлдыстады тыххæй — æмæ сæ алчидæр фысымты 'рдыгæй бæстон дзуапп райста.

Культурæйы къуырийы дæргъы нæ республикæйы экспозицийы фенæн уыд **Цхуырбаты Оледжы**, **Цæрикъаты Билары, Джиоты Вадимы, Черчесты Таймураз** æмæ иннæ курдиатджын скульпторты куыстытæ. Ацы автортæн се сфæлдыстад æнгом баст у ирон адæмы истори æмæ хъæздыг фыдæлтыккон æгъдæуттимæ. Уыцы хæдбындурдзинад аивадуарзджыты зæрдæты уæлдай цымыдисагдæр æнкъарæнтæ алкæддæр райгуырын кæны. Афтæ уыд ацы хатт дæр — экспозицийы уазджытæ хорз аргъ скодтой ирыстойнаг скульпторты æрмдзæфæн.

Уæдæ хъуыстгонд дизайнер **Годжыцаты Изольдæйы** æрмадзы хуыд национ уæлæдарæс дæр дисы кæй нæ бафтаудзæн? Ацы хатт зæрингуырд равдыста национ уæлæдарæсы коллекци "Адæмты хæлардзинад".

Форумæн йæ райдайæнæй абонмæ йæ иудадзыгон архайæг у ирон адæмон кæфтыты мæскуыйаг ансамбл "Алани". Æмæ уæдæ культурæйы къуыри æнæ "Алани"-йæ куыд рафидыдтаид? Ансамблы артисттæ аив акодтой "Хонгæ" æмæ иннæ национ кæфтытæ.



Культурæйы къуырийы фæлгæты арæзт æрцыдысты æндæр зæрдæмæдзæугæ æмæ цымыдисаг мадзæлттæ дæр.

Ацы куырийы та цæгатирыстойнаг экспозици лæвæрд у ахуырады къабазимæ баст æрмæджытæн.

**СЛАНТЫ Аслан**

**Аппаратон æмбырд**

## Æвæстиатæй бакæнинаг хъуыддæгтæ

**Тыхджын дымгæ йæ фæстæ цы фыдбылызтæ расайдта, уыдон æвæстиатæй аиуварс кæнын бафæдзæхста РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æрвылкъуырион аппаратон æмбырды. Хæстæ æвæрд æрцыдысты районты разамонджытыл, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады куыстуæттыл æмæ фæрæзтæдæттæг организацитыл**

Æмбырды байхъуыстой районты разамонджытæм, уыдон радзырдтой, муниципалон скондты цы куыстытæ цæуынц, уый тыххæй. Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй хъуамæ тыхджын дымгæйы фæстиуджыты зиан сбæрæг кæной, бырæттæ рæвдз аласой, уынгтæ, къахвæндæгтæ ныссыгъдæг кæной, электрон тыххъуаг адæмы ма ныууадзой. Уæлдай æргом — социалон кусæндæттæм.

Муниципалон исбоны уæвæг зæххыты тыххæй фиддонтæ куыд æмбырд кæнынц, уымæй дæр Сæргълæууæг бафарста районты хицæутты. Паддзахадон исбоны æмæ зæххы ахастдзинæдты министр **Тедеты Руслан** рæгъмæ рахаста районты фиддонты уавæр. Администрациты разамонджытæ зæрдæ бавæрдтой, азы кæронмæ æппæт фиддонтæ дæр бынатыл кæй сæмбæлдзысты, уымæй.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг куыд радзырдта, афтæмæй ныхас цæуы районты хи æфтиæгтыл. "Цæмæй уын зæххы хицæуттæ фылдæр фидой, ахæм фадат уын ис, фæлæ йæ нæ кæнут. Ацы азы кæронмæ, зæххы хаццоны тыххæй фиддонтæ куыд æрæмбырд кодтат, уый тыххæй æнхъæлмæ кæсын уæ бæстон хатдзæгтæм", — загъта Сергей Меняйло.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн** æмбырды архайджыты базонгæ кодта энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады фидар рæзты регионалон программæтæ царды куыд æнтысынц, уыимæ. Донæфсисады объекттæ баиуы хъуыддаг дзæбæх æнтысы, хъуамæ иннæ аз кæронмæ æрхæццæ уа.

Республикæйы æппæт сыгъдæггæнæнтæ баиу кæныны тыххæй дæр ныхас рауад, цы хæстæ дарынц, уыдон дæр аиуварс кæнын хъæуы. Уый фæстæ объекттæ ратдзысты "Водоканал"-мæ. Техникон зиантæй, хызон куыстуæтты нывыл куыст саразыны, республикон æмæ районты бæрны уæвæг организацитæ бюджетон хæрдзтæй суæгъд кæныны тыххæй хъуамæ электрохызон æппæт хæдзарад лæвæрд æрцæуа республикæйы исбонмæ. Уый фæстæ йæ сфидар кæндзысты "Аланияэнергосеть"-ыл. Æппæт уыцы хæстæ хъуамæ 25 декабрмæ æххæстгонд æрцæуой.

Аппаратон æмбырды ма æрныхас кодтой национ проекттæ æмæ паддзахадон программæты нысантыл, Республикæйы бон форум-равдыст "Уæрæсе"-йы скæныныл, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады минæвæрттæн грантты фæрцы баххуыс кæныныл.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Фæсарæйнаг бастдзинæдтæ**

## Хор балхæнынæн

**Ираны базарадон компани "Фарнуш трейдинг" Цæгат Ирыстонæн рахаста Иранæн хор уæй кæныны фæндон. Ацы хабар фехъусын кодта "ТАСС".**

Ирайнаг компанийы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, амынд фæсарæйнаг бæстæ Хæстæг Скæсæны нымад у егъаудæр хорæлхæнæгыл. Хор Иранмæ æфты африкæйаг бæстæтæй, стæй — Казахстан æмæ Уæрæсейæ. Арæх хор Иранмæ æртыккаг — минæварадон — бæстæтæй кæй æрбахæццæ вæййы, уый нымайгæйæ, хорæй ифтонггæнæг паддзахæдтæ æфтиаг нæ райсынц. Иран фæсарæнтæм æрвыст хормæ цæст кæй дары, уый нымайгæйæ, ис дардæмгъуыдон фидыдтытæ аразыны фадат.

Ныртæккæ Уæрæсейы æлхæд хоры тоннæйы рæстæмбис аргъ у 290 евройы.

Рæстæгæй-рæстæгмæ чи ивы, хоры уыцы аргъ цыфæндыйæ дæр цæгатирыстойнаг экспортертæн пайдайаг у. Мæнмæ гæсгæ, хор уæй кæныны хъуыддаг республикæйы экономикон рæзтæн фæахъаз уыдзæн, — загъта "Фарнуш трейдинг"-ы разамонæг.

Æппæт сæвзæрæг фарстатыл чи ныхас кæндзæн, ирайнаг амалиуæггæнæг адæймаг бахаста Цæгат Ирыстоны хицауадимæ иумæ ахæм дунеон кусæг къорд саразыны фæндон. Фæсарæйнаг компанийы минæвары ныхасмæ гæсгæ, "Фарнуш трейдинг" цæттæ у цыбыр æмгъуыдмæ Иранæй Цæгат Ирыстонмæ дыргътæ æмæ халсартæ (уыимæ — сургæндтæ дæр) æрбарвитынмæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Дзырды фарн**

*Ныстуан... хæстæгæй хуыздæр чи сæххæст кæндзæн.*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **29 ноябры,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **7-12 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **9-11 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,16

**Хурыскаст** — 07,10
**Хурныгуылд** — 16,26

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 88,63↓
**Евро** — 97,08↓

12+

Æмбырд

## Æмгъуыд — афæдзы кæронмæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис саразта, вице-премьертæ кæм архайдтой, ахæм æрвылкъуырион æмбырд. Ныхас дзы цыдис, Уæрæсейы Федерацийы Президенты фæдзæхстытæ куыд æххæстгонд цæуынц, ууыл, сæйрагдæр, нæ республикæйы фæзуаты зæххы лæбырдтытæй сæ хæдзæрттæн тæссаг кæмæн у, уыцы граждæнты æдас ранмæ ракæныны тыххæй.**



Уымæй уæлдай ма, æмбырды архайджытæ æркастысты, ахуырадон уагдæтты бындурон цалцæджы программæ куыд æххæстгонд цæуы, стæй горæты фалдзусты хæрзвадаты фарстатæм. Дзанайты Барис бахæс кодта иудадзыг цæст дарын социалон инфраструктурæйы арæзтады, цалцæг æмæ бындурон рацарæзты къабазы бюджетон куырдиæттæм. Уæлдай æргом — республикæйы национ проекттæ



æмæ паддзахадон программæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ. Дзанайты Барис йæ хæдивджытæн бахæс кодта пълангонд куыстыты цыд фæтагъддæр кæнын.

— Афæдзы кæронмæ бирæ рæстæг нал баззад, æдæппæтæй — мæй. Куыстытæ се 'мгъуыдтæм фæуын хъæуы. Республикæйы социалон-экономикон рæзтыл, нæ адæмы цардыуагыл рæстмæ чи фæзындзæн, нæ размæ æвæрд уыцы хæстæ хъуамæ сæххæст кæнæм,— балхынцъ кодта йæ ныхас премьер-министр.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Пресс-конференци

# Национ ахастытæ æмæ бастдзинæдтæ

**РЦИ-Аланийы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр БÆГЪИАТЫ Аланæн уыдис фембæлд нæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытимæ. Ныхас цыдис Цæгат Ирыстоны бирæнацион æмæ бирæконфессион æхсæнадты ахастдзинæдтыл, терроризм æмæ экстремизм ма 'руадзыны мадзæлттыл, алыхуызон национ организацитæн æххуыс кæныны, æддагон бастдзинæдты, национ культурæ æмæ æвзаг хъахъхъæныны фарстатыл.**

Министр куыд радзырдта, афтæмæй нæ республикæ æппæт ацы фарстатыл кусы бæстон æмæ бинонтыг. Абоны онг Цæгат Ирыстоны цæры 107 адæмыхатты. Уыдонæй 35 сты хицæн егъау æхсæнадтæ, кæцытæ стыр æвæрæн хæссынц нæ республикæйы адæмты 'хсæн хæлар ахастдзинæдтæ арæзыны хъуыддагмæ. Æмæ уыдонæй æппæты хъомысджындæр у æхсæнадон змæлд "Нæ Ирыстон", йæ сæргъы Лагкуты Вячеслав, афтæмæй.

— Хуымæтæг ныхæстæй нæй радзурæн ацы змæлды архайды тыххæй. 90-æм азты гуырдзиаг-ирон, ирон-мæхъхъæлон быцæутæ æмæ 2004 азы Беслæны цы стыр бæллæх æрцыд, уыцы цаутæ егъау тугныккалдмæ расайдтаиккой, ацы æхсæнадон организаци куы нæ уыдаид, уæд. Лагкуйы-фырты дæсны æмæ куырыхон амындæй, йæ хæлардзинады миниуджыты фæрцы нæ къухы бафтыд уавæр банывыл кæнын. Фæстæдæр æхсæнадон змæлд "Нæ Ирыстон" ссис æппæтдунеон конкурс "Нацийы сæрыстырдзинад"-ы премийы лауреат. Æхсæнадон змæлд алкæддæр, алы тыхст уавæртæн дæр вæййы сæ тæмæны. Абон дæр æххуыс кæны Украинæйы сæрмагонд æфсæддон операцийы нæ хæстонтæн. Ахсджиагыл нымад цæуы, нæ республикæйы цы бирæ конфесситæ ис, уыцы фарста дæр. Адæм алыхуызон динтыл хæст сты, æмæ министрады хæс у ацы хъуыддагмæ бинонтыг цæст дарын, къæрцхъус уæвын сæ алы архайдмæ дæр. РЦИ-Аланийы Юстицийы министрады хыгъды ахæм æхсæ-



надтæ ис 114. Уыдонæй, Дзæуджыхъæуккаг-Алайнаг епархи, Пысылмон æхсæнад æмæ Уырыссаг-чырыстон аргъуан сты нымад сæйрагдæртыл. Се 'ппæтимæ дæр мах кусæм æнгом. Терроризм æмæ экстремизмы ныхмæ фарстатæм та иудадзыгдæр стæм къæрцхъус. Нæ цæст дарæм æрыгон фæсивæд æмæ рæзгæ фæлтæрмæ. Ацы ран профилактикон мадзæлттæ тынг ахъаззаг сты. Архайæм скъолаты æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты куыст парахат кæныныл. Сбæрæг кæнæм, террористтæ цы бинонтæй рацæуынц, уыдоны дæр. Ацы азы райдайæнæй абонмæ ахæм бинонтæ сбæлвырд кодтам 52.

Ирон диаспоратæ æмæ æхсæнадтæ канд нæ бæстæйы алы регионты нæ, фæлæ фæсарæнты дæр сты. Семæ бастдзинад дарæм. Архайæм алыхуызон мадзæлттæ аразыныл, цæмæй нæ республикæмæ цæуой æмæ сæ ирондзинады культурæимæ фылдæр зонгæ кæной. Цалдæр азы бацæттæ кæнæм цымыдисаг "Этнолагер". Æрхонæм фæсарæнтæй æрыгон ирон фæсивæды, Ирыстоны чи нæ райгуырд, ахæмты æмæ сæ базонгæ кæнæм нæ истори, культурæ æмæ традицитимæ. Æмæ ацы мадзалæн йæ фадæттæ æмæ уавæртæ æрвылаз дæр рæзынц, уæрæхдæр кæнынц йæ гæнæнтæ, — загъта Бæгъиаты Алан.

Пресс-конференцийы ма министр фехъусын кодта, нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы Указмæ гæсгæ, ирон æвзаджы рæзтæн ахъаззаджы мадзал арæзт кæй æрцæудзæн. 2024 азы нæм фæзындзæн, "яндекс-тæлмацгæнæг" кæй хонынц, ахæм фæрæз. Ирон æвзаг чи нæ зоны, уыдонæн гæнæн уыдзæн уырыссаг кæнæ æндæр æвзагыл текстытæ ironмæ "яндекс-тæлмацгæнæг"-ы фæрцы тæлмац кæнын. Уымæй уæлдай м, Бæгъиаты Алан дзырдта, 2024 азы нæ республикæ кæй бæрæг кæндзæн Цæгат Ирыстоны автономийы 100, Ирыстон Уæрæсеимæ баиуы 250 æмæ Хетæгкаты Къостайы райгуырды 165 азы юбилейтæ.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Социалон фондæй

## Ныййарæджы капиталыл бафтдзæн

**Иннæ азы 1 февралæй фæстæмæ ныййарæджы капиталы бæрцыл бафтдзæн 7,5 проценты.**

Ныййарæджы капиталы фæрæзтæй чи нæма спайда кодта, стæй нырыдæгæн амынд капиталы хай чи бахардз кодта, индексаци аххæсдзæн ныййарæджы капиталы сертификатты ахæм хицæуттыл. Æнæпайдагонд æхцайы бæрц цас фылдæр у, индексацийы фæстæ уый бæрц фылдæр уыдзæн бафтыды хай.

Ныронг ныййарæджы капиталы фæрæзтæ чи ницæуыл бахардз кодта, æхцайы бæрцыл æппæтæй фылдæры бафтыд æнхъæлмæ кæсы ахæм бинонтæм. Ацы бинонты капиталыл уайтагъд бафтдзæн 44 мин сомы. Дыккаг сывæллонæн фылдæргонд ныййарæджы капиталæн гæххæттытæ кæд сарæзтæуыд æмæ афтæмæй фæрæзтæ хардзгонд кæд ницæуыл æрцыдысты, уæд уæлæмхасæн æхцайы бæрц рауайдзæн 58 мин сомы.

Ныййарæджы капиталы хай бахъахъхъæнæг ныййарджытæн дæр ис дыууæ мæйы фæстæ индексацимæ æнхъæлмæ кæсыны бар. Зæгъæм, æппæт хæрдзты фæстæ



бинонтæм кæд 375 мин сомы баззад, уæд ацы æхцайы бæрцыл февралы бафтаудзысты 7,5 проценты, æмæ афтæмæй бинонтæн уыдзæн 403 мин сомы бæрц ныййарæджы капиталæй спайда кæныны бар.

Ныййарæджы æнæхардзгонд капиталы бæрц цас у, ныййарджытæ уый тыххæй хабар базондзысты портал "Госуслуги"-йы. Бинонтæн программæйы къабæзтæ сæххæст кæнынæн чи ис, уыцы фæрæзты тыххæй ахсджиаг бæрæггæнæнтæ базонæн ис Социалон фонды æмбæлгæ сервисы.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: афæдзы дæргъы иу хатт ныййарæджы капиталы бæрц инфляцийы æцæг бæрцы онг фæфылдæргæнинаг у. Бæстæйы Экономикон рæзты министрады рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы азы кæронмæ инфляцийы бæрц уыдзæн 7,5 проценты. Иннæ азы 1 февралæй фæстæмæ фыццаг сывæллонæн ныййарæджы капиталы бæрц 631 мин сомы, дыккаг сывæллонон та 833,8 мин сомы онг фæфылдæр уыдзæн.

Уæрæсейы Социалон фонды регионалон контакт-центр: 8-800-200-07-81 (къуырисæрæй цыппæрæммæ — 9 сахатæй 18 сахаты онг, майрæмбоны та — 9 сахатæй 16 сахаты æмæ 45 минуты онг).

**Социалон фонды регионалон хайады пресс-службæ**

Фембæлд

# Мыхуыры фæрæзтæ æмæ хуымæтæг чиныджы кадæн

**Æрæджы УФ-йы Президенты культурон хъæппæристы фонды æххуысæй Уæрæсейы æрыгон фысджыты æрвылазон форум "Липки" арæзт æрцыд. Уый фæлгæты уыд фембæлд "Литературон газет"-ы сæйраг редактор Максим ЗАМШЕВИМÆ. Ныхас цыд газеты куыстыл, литературæйыл, чингуыты фидæн æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл.**



Нымæцон дуджы рæстæг адæмæн сæ фылдæр, уæлдайдæр та фæсивæд, хуымæтæг чингуытæ нал кæсынц. Фылдæр кæсынц Интернеты, хицæн электронон чингуытæ, чидæртæ та хъусынц аудио-чингуытæм. Максимы хъуыдымæ гæсгæ, ацы хабар зæрдылдаринаг нæу, фæлæ литературæ парахат кæнынæн æппæт мадзæлттæ дæр пайда сты:

— Чингуытæ электронон хуызы кæсын у пайда æмæ хъомыладон хæс цы нæ хæссы, ахæм мадзал. Хуымæтæг чиныгæн та ис йæхи æгъдау: йæ формæ, йæ сыфтæ, йæ арæзт, йæ ахадындзинад адæймагимæ æмæ афтæ дарддæр. Чидæр зæгъдзæн: "Цы уæлдай у, æрмæг кæцæй кæсын, уæддæр текст йæ нысан нæ сафы", — фæлæ, электронон æмæ хуымæтæг чиныг кæрæдзийæ хицæн кæй кæнынц, уый æмбарæм, — загъта Максим.

Уыимæ, литературæ парахат кæнынæн æппæт мадзæлттæ дæр сты æххуыс, куыд Интернет, афтæ "аивадон изæртæ" дæр. Максим бахахх кодта фæстаг мадзалы хъæугæдзинад. Поэт йæ зæрдыл куы дара цавæрдæр бынат, кæцыйы йæм æнхъæлмæ кæсынц, æмæ дзы йæ бон куы уа бакæсын хифыст æмдзæвгæтæ, уæд уыдзæн амондджындæр.

Бирæ алыхуызон фарстытæ лæвæрд цыд Максим Замшевмæ, се 'хсæн — журнал "Звезда"-йы сæйраг редактор **Алексей Пурины** фарст:

**— Æз зынтæй уынын "Литературон газет"-ы куыст. Мæнмæ гæсгæ, у тыхджын машинæ, кæцы фыдæбон кæны æрмæджыты бæрцыл æмæ сæ афойнадыл цæттæ кæны рауагъдмæ. Куыд цæуы куыст газеты редакцийы æмæ цы хуызы?**

— Цыфæнды хъыг мын куы уа, уæддæр "бæзджын" журналтæ мæймæ бакæсынц, фæлæ газет та сабаты рацæуы, æмæ цыфæнды хуызы дæр нымад æрцæудзæн "зæрондыл". Нæ редакцийы куыст у заводы куысты æнгæс. Аивадон къорды кусæм дæсæй, мæн нымайгæйæ, дарддæр бухгалтер, корректортæ æмæ иннæтимæ стæм дыууын фондз. Советон Цæдисы рæстæджы "Литературон газет"-ы æрмæст аивадон хайады куыстой дыууæсæдæ адæймаджы. Кæй зæгъын æй хъæуы, рæстæг аивта. Газетæн ис акционер дæр, æмæ хаттæй-хатт вæййы афтæ æмæ, йæ хъуыдымæ гæсгæ, цавæрдæр æрмæг бахъæуы сисын. Къуырийы мидæг вæййы æртæ планеркæйы. Дыццæг та у æппæты уæззаудæр бон, уымæн æмæ у газет æмбырдгæнæн бон. Алчи кæны йæ куыст, æмæ иу адæймаг нæ редакцийы куы фæцух уа, уæд нæ куыстыл æвиппайды фæзындзæн. Нырмæ нын ис бæлвырд фæтк, цæмæ гæсгæ æххæст кæнæм нæ куыст. Цыфæнды машинæйы куыстмæ дæр хъæуы цæстдард, нæ газеты редакци дæр афтæ у. Кæсын æм, зилын æм, хъус æм дарын, цæмæй йæ куыст, сахатау, цæуа.

Максим куыд бамбарын кодта, афтæмæй отпусчы куы ацæуа, уæддæр йæ хъус дардзæн, газет куыд æмбырд кæны, уымæ. Фæлæ, раст зæгъгæйæ, "Литературон газет" у вазыгджын механизм, редакцийы кусджытæн сæ иу хай сты дæсны журналисттæ, иннæтæ та — фысджытæ, æмæ фыццæгтæ дыккæгтыл нæ ауæрдынц. Уыимæ ма, куыд цыфæнды газеты, афтæмæй ам дæр ис версткæйы кусджытæ, уыдон та æрмæгыл нæ ауæрдынц, сæйраг сын у, цæмæй æрмæджы бæрц раст æрбада газеты сыфтыл. Уыцы æртæ къорды иу кæны æмæ сæ куыстмæ хъус дары Максим Замшев.

— Абон литературон дуне, хъыгагæн, адих ис, уый сусæг никæмæн у. Нæ сæйраг хæс у иу дунейы хæйтты 'хсæн хид самайын. Ныхасы мидæг бирæ зонындзинæдтæ райгуыры, æмæ кæд литературон центр не стæм, уæддæр хъуамæ тыхсæм æмæ тырнæм кæрæдзиимæ ныхас кæнынмæ, — бахахх кодта Максим литературæйы политизаци.




Максим Замшев радзырдта йæ аивады сæйраг принципты тыххæй дæр: "Цы ма хъуамæ аразон фыссынæй уæлдай?" Раст зæгъгæйæ, фыссæджы ном чи хæссы, уый цыфæнды уавæры дæр ссардзæн рæстæг, цæмæй йæ аивад сыфтæм рахæсса. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ис уарзон фæлладуадзæн мадзæлттæ, æмæ Максимæн уыдонæй иу у футбол, кæцы йæ арæх нæ фæуадзы фыссын.

Æмткæй райсгæйæ, аивадон фембæлды рабæрæг сты Максим Замшевы куысты бирæ сусæгдзинæдтæ, йæ цæстæнгас электронон æмæ аудиочингуытæм. Уæлдай цымыдисаг уыд базонгæ уæвын фыссæджы поэтикон фæлварæнтимæ. Йæ ног роман "Концертмейстер" та уæлдай цымыдисагæй бакæсдзынæн.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

Энергетикæ

## Къуыхцытæ аиуварс кæнынæн

**Тыхдымгæйы аххосæй Дзæуджыхъæуы чи рауад, компани "Россети Северный Кавказ"-ы филиал "Севкавказэнерго"-йы специалисттæ электрон тыхæй ифтонгады уыцы къуыхцытæ рæвдз иуварс кæнынц.**

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: 26 ноябры цауд боныхъæды фыдæй республикæйы сæйраг горæты иуæй-иу микрорайонты цæрджытæ, стæй Цымийы, Редант æмæ Алагиры районы Мызуры цæрæг адæмы хай рæстæгмæ æнæ электрон тыхæй баззадысты. Филиалы оперативон бригæдтæ электрон тыхдæттæн хызтæ ногæй аразынмæ æвæстиатæй бавнæлдтой. Æхсæвы кæд уаддымгæ кодта, уæддæр радхæссæг бригæдтæ сæ куыст æххæст кодтой.

Æвзæр бонихъæды аххосæй æнæ электрон тыхæй чи баззад, зонон райсомæй энергетиктæн уыцы фæлхасгæнджыты 70 процентмæ электрон тых ногæй бауадзын бантыст. Электрон тых алы хæдзармæ дæр цæмæй ногæй бацæуа, сæрмагонд техникæйы 12 иуæгæй пайда кæнгæйæ æмæ къæвда бонихъæд нæ нымайгæйæ, 36 специалисты ууыл архайдтой.

Энергетиктæ адæмæн фæдзæхсынц электрон тыхуадзæн телтæм æмæ æндæр энергообъекттæм æввахс уæвыны рæстæг æдасдзинады домæнтæ бинонтыг æххæст кæнын. Адæмæн скъуыд электрон тыхуадзæн телтæм 8 метрæй хæстæгдæр бацæуын æмæ электрон тыхæй ифтонгад хæдбарæй ногæй аразыны бар нæй. Ацы куыст бакæныны фæдыл фæдзурын æмбæлы энергокомпанийы специалисттæм, науæд та — Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады сæйраг регионалон управленимæ.

Компани "Россети"-йы контакт-центры æхсæвæйбонæй лæваркусæг иумæйаг 8-800-220-0-220 телефонæй фæдзургæйæ, цæгатирыстойнæгтæм ис электрон тыхæй ифтонгады аиппыты æмæ энергообъектты ард хъæндзинæдты тыххæй хабар фехъусын кæныны бар.

**Нæ уацхæссæг**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Цардæй ист ныв

Ивгъуыд æнусы 80-æм азты онг, æвæццæгæн, ахæм лæг нæ уыдаид Беслæны, æмæ Мысыкаты Татикы чи нæ зыдта, дзæнæты фæбадæд. Бирæтæ йæ зыдтой СМП-324 механикæй, фылдæр адæм та — нæ кадджын Плиты Иссæйы хæрзхойы лæппуйæ. Ноджы ма афтæ рауад, æмæ 60-æм азты онг уыд æфсæддон, капитан æмæ ма ноджы йæ мады 'фсымæры окруджы Ростовы. Йе 'фсæддон хайы уыимæ уыдысты иу цалдæр ироны. Кæмдæр ирон адæм кæрæдзиуыл æнувыддæр вæййынц, уæлдайдæр нæ мадæлон æвзагыл дзурынмæ дæр.

Уыцы æфсæддонтимæ уыд, уый фæстæ Беслæны бæхты заводы бирæ азты чи фæкуыста, бæхылбадæг, уый фæстæ — тракторыл, хæларзæрдæ, йæ ном Хазби. Афтæ рауад, æмæ Татикы бахъуыд горæтмæ рауайын, химчисткæмæ цыдæр дзаума радта æмæ уый райсынмæ. Уыцы рæстæг, 1959 азы, машинæтæ уæддæр афтæ бирæ нæма уыдысты, чи зоны, йæхимæ дæр фистæгæй ауайын хуыздæр каст. Цæвиттон, йæ фæндагыл парчы рæзты æрцæйуад æмæ фæкомкоммæ: парчы кæрон салдаты дзаумæтты бандоныл дæргъæй-дæргъмæ чидæр хуыссы. Хæстæг æм бацыд, ныккастис æм, æмæ йæ хъæуккаг Хазби, йæхи дæр не 'мбары, афтæмæй. Фæтылдта йæ, йæ номæй йæм дзуры, æмæ куыд нæ стæй! Уæдæ ма йын куыд акæнон, куыд æй ныууадзон, фæззæг райдыдта, æмæ уазал дæр суыдзæн. Уæлдай мæт та — æфсæддон хайадæн дæр худинаг, патрул дæр æй комендатурæйы смидæг кæндзæн. Фæратæхбатæх кодта, кæд иу такси исты хуызы æрцахсин, зæгъгæ.... Куыд нæ стæй! Хуыцау уыцы рæстæг округджы политхайады хицауы йæ "Победæ" машинæйы æрбахаста æмæ 50 метрмæ 'ввахс баурæдта. Инæлар рахызти æмæ ресторанмæ 'рдæм фæцæуы. Татик æм нызгъордта. Инæлар ыл бацин кодта, зыдта йæ, Иссæйæн цы бавæййы, æмæ йæм хиуоны зæрдæ дардта, йемæ йæ ресторанмæ дæр хуыдта, ирон фыдджынтæ, дам, дзы кæнын райдыдтой æмæ, дам, иумæ сихор скæнæм.

— Бузныг, æмбал инæлар. Кæд гæнæн ис, уæд, цалынмæ сихор кæныс, уæдмæ дæ хæдтулгæйæ апайда кæнон. Æрмæст 15 минуты.

— Кæд дæ сахат хъæуы, уæддæр — табуафси, — бакодта инæлар.

Афтæмæй Татик шофыры фарсмæ абадт æмæ Хазбийы цур алæуыдысты. Тагъд-тагъд ын йæ рыгтæ æрцагъта, æмæ инæлар фæстейы цы бандоныл бадти, уырдæм æй баппæрста. Йæхæдæг шофырæн: "Тагъд æй дивизионмæ скъæфгæ кæн!" Шофырæн раст цыма йæ каст Хазбимæ уыд, уыйау æй иу скъæфт акодта, Татик та джихæй аззад. "Шофырæн куыд нал загътон, куыд ничи йæ базона, афтæ-иу æй федде кæн дæ машинæйæ. Чи зоны, мæхи дæр ауайын хъуыд йемæ, фæлæ кæдæм рацыдтæн, уырдæм мын æрæджы кодта". Шофыр Хазбийы уасгæ-уасгæ тæккæ дивизионы цурмæ смидæг кодта. Хæстонтæ сæхи 7 ноябры парадмæ цæттæ кодтой æмæ сæ цуры инæлары машинæ "Победæ" æд рудзынгæмбæрзæнтæ æрлæугæ куы федтой, уæд дæлбулкъон командæ радта: "Дивизион, смирно!" Салдæттæ сæхи сæлхъывтой æмæ бандзыг сты командæмæ. Инæлар æрæгмæ кæй хызти машинæйæ, уый тыххæй йæм дæлбулкъон къæрцц-къæрцгæнгæ бацыди, йæ къух йæ къæмисæнмæ бахаста. Дуар байгом "инæларæн", æмæ дзы Хазби расыгæй рахауд. "Смирныйы" лæуджытæй чи джихæй касти, кæуыл худæг бахæцыд. Фæлæ Хазбийы худынмæ нал равдæлд. Æрвонг кæнынмæ йæ 15 суткæйы æмгъуыд "гауптвахтæйы" уæзласæн машинæйæ фæластой. "Победæйы" шофыр æй йæ хицауæн радзырдта, уый та — Иссæйæн. Фыццаг, дам, ыл худгæ дæр фæкодта, фæлæ Татикыл дæр æфхæрæн ныхæстæ ауад, ома мæ номæй инæлармæ ма уæнд. Уæвгæ, дам, æй, расыг "самовольщики" æгайтма адæмы цæстæй федде кодтай, уæвгæ, дам, дæ хъæуккаг дæр ма куы у...

**ФÆСДЗЫРД: Уæдæ Хазби куыд алыгъд уынгмæ æфсæддон хайадæй. Куыддæр сын райсомы хæрд ахицæн, афтæ Хазбийы взвод фæластой "Товарный двор"-мæ вагæттæй картоф калынмæ. Сæ куыстмæ сын чи каст, уыцы сомихаг взводы командиры хæдивæгæн ацамыдта, ма мæ бахъыгдар, æмæ иу цалдæр голладжы, æнхъæлмæ сæм чи касти, уымæн "фæбырын" кодта. Дыууæ дихы сæ акодта взводы командиры хæдивæгæн, æмæ йын 25 сомы уæды 'хцайæ фаг уыдысты атезгъо кæнынмæ. Иу рæстæг, иу гыццыл уал абадæм, зæгъгæ, машинæйæ æргæпп ласта æмæ вагоны бынты "партизаны" лыгъд акодта.**

**ТЕТАТЫ Эльврик**

Царды нывтӕ

# Тыхзмӕлд ма кӕнӕм

**Уӕрӕсейы Президент Владимир ПУТИН 2024 аз расидт Бинонты азӕй. Йӕ зӕрды ис бинонты цард хъахъхъӕныны мадзӕлттӕ фӕтыхджындӕр кӕнын, традицион хӕзнатӕ сафынӕн гӕрӕнтӕ сӕвӕрын. Президент бафӕдзӕхста Уӕрӕсейы Хицауадӕн, цӕмӕй 27 декабрмӕ саразой ӕмбӕлгӕ комитет, нысанты пълан сфидар кӕной. Комитеты сӕрдарӕй нысангонд ӕрцыд Уӕрӕсейы Хицауады Сӕрдары хӕдивӕг Татьянӕ ГОЛИКОВА.**

Хъуамӕ регионтӕ ӕппӕт мадзӕлттӕ аразой, Уӕрӕсейы министрты кабинетӕн Бинонты аз скӕныны се 'ххуысы хай бавӕрой. Уый ӕхсызон хабар у. Бинонтӕ сты не 'хсӕнады иу ахасджиаг цӕг, ӕнӕ уыдонӕй нӕдӕр размӕцыд, нӕдӕр рӕзт, нӕдӕр ӕнтыст, нӕдӕр уӕлахиз ис. Кӕцы арӕхстджын адӕймаг схиздзӕн уӕлхохмӕ, йӕ бинонтӕ йын ӕххуыс куы нӕ кӕной, йӕ фарсмӕ куы нӕ уой, йе 'ппӕт хъуыдытӕ йын растыл куы нӕ нымайой, уӕд?

Бинонты кад фӕбӕрзонддӕр кӕнынӕн бирӕ хъуыддӕгтӕ конд цӕуы нӕ бӕстӕйы. Кӕм ноггуырд сабитӕн цӕмӕйдӕрты баххуыс кӕнынц, ныййарӕджы капиталы ахадындзинад дӕр арфӕйы аккаг у. Бирӕсывӕллонджын бинонтӕ ӕххуыс ӕнкъарынц. Уый афтӕ у, фӕлӕ уӕддӕр гуырынц фарстатӕ, цӕмӕдӕрты зӕрдӕ ӕхсайы. Иумӕйагӕй нӕ бӕстӕ мӕгуыр нӕу, фӕлӕ уӕддӕр ӕмхуызонӕй цыдӕр тыхстдзинӕдтӕ ӕййафӕм. Лӕвар фатертӕ цӕуылнӕ дӕттынц, цы фесты, куыд сӕ аразынц, куыдӕй сӕ радтынц? Адӕм сӕ куы балхӕнынц, уӕд бавналынц аразынмӕ, сӕрдынмӕ, фӕлгонц кӕнынмӕ. Цалгай милуан сомтӕ сӕ бахъӕуы? Афтӕмӕй ӕфстӕутты ныгъуылынц арфӕйарфдӕр...

Уӕдӕ ипотекӕйы процентты айс бынтондӕр, кӕнӕ сӕ иу ссӕдз азмӕ аргъӕв. Цал ӕмӕ цал тыхстаг фарстайы аиуварс кӕнӕн суыдзӕн, демографийыл кӕд ӕцӕгӕй мӕт кӕнут, уӕд. Хорз, бинонтӕ сӕ кадӕн конд Аз бӕрӕг кӕндзысты, хондзысты сӕ алыхуызон хиирхӕфсӕн хъуыддӕгтӕм, ӕмдзӕгъд сын кӕндзысты, бузныджы, арфӕйы ныхӕстӕ хъуысдзысты. Алчидӕр нӕ зоны, уӕрӕсейаг бинонтӕ цӕмӕйты цӕрынц, сӕ размӕ алы бон дӕр цы зындзинӕдтӕ сӕвзӕры, цы хъизӕмӕрттӕ ӕвзарынц, уыдӕттӕ. Бинонты аз мӕгуыр бинонтӕ нал уыдзӕн? Кӕм сты нӕ куысты бынӕттӕ? Кӕм хъуамӕ балӕууа ӕрыгон лӕппу,



чызг, уӕлдӕр ахуырад райсгӕйӕ, ӕмхуызонӕй бӕстӕйы иннӕ кӕронмӕ, фӕсарӕнтӕм ацӕуой?

Уырдыгӕй ма фӕстӕмӕ чи ссӕудзӕн, уым бинонты хъуыддаг бакӕндзӕн ӕрыгон, ӕмӕ та иу ирон атайдзӕн стырдӕр адӕмты 'хсӕн. О, кӕддӕр 2030 азы нӕ куысты ног бынӕттӕ сӕ былтӕй акӕлдзысты, уӕдмӕ та куыд кӕнгӕ у? Ау, ног дзаума дӕр нӕ нӕ хъӕуы, чи алӕбырд, уыдон раивын, сывӕллӕттыл истытӕ скӕнын, хӕдзары хъӕугӕ дзаума балхӕнын? Цӕмӕйты сӕ хъуамӕ ӕлхӕнӕм, куыдӕй? Бинонтӕ мӕгуыр цард куы кӕной, уӕд сӕ сывӕллӕттӕ дӕр уый ӕнкъардзысты, ноджы ма сын ӕххуысы хуызы хъӕрмхуыппы къус куы бадӕттынц, уӕд сӕ стыр къамтӕ сипубликӕйы разамынд ракӕны, мӕнӕ уӕд фӕныллӕгдӕр уыдзӕн, мӕнӕ уый фӕстӕ... Ӕргътӕ та рӕзынц.

Цӕрӕнуатон-коммуналон хӕдзарады фиддонты рӕзтыл цӕст нӕ хӕцы. Кӕд ӕмӕ мыздыл капекк не 'фты, пенси — мӕгуырау, уӕд хъуамӕ бинонтӕ цӕмӕйты цӕрой? Кӕд ӕмӕ адӕймаг пенсиисы, йӕ фырмӕгуырӕй, фыртыхстӕй ма уӕддӕр кусы, йӕ куыстдӕттӕг паддзахадӕн мызды 22 проценты ӕрвиты, фӕлӕ пенсимӕ капекк дӕр не 'фтауынц, уӕд кӕм ис рӕстдзинад? О, далӕ Конго ӕмӕ Непалимӕ нӕхи нӕ бардзыстӕм, бынмӕ тулын ӕнцон у. Мах та социалон паддзахад стӕм, кӕд дӕхи ахӕм схуыдтай, симды бацыдтӕ, уӕд сим!

Кӕд ӕмӕ буржуазон, сынц, газетты ӕмӕ сӕ журналты равӕрынц. Цымӕ уыцы рӕзгӕ удтӕ уыдӕттӕй нӕ риссынц? Уартӕ советон заман дӕр ахӕм куыст цыдис, фӕлӕ дзы шоутӕ нӕ арӕзтой.

Алы бинонтӕ дӕр сӕ ахсджиагдӕр фарстатӕ рӕвдз лыг кӕныны тыххӕй ӕфстӕуттӕй машинӕтӕ райстой, тыхамӕлттӕй сӕ фидынц. Нӕ нефт, нӕ газ нӕ былтӕй кӕлынц, афтӕмӕй артаджы аргъ хӕрдмӕ цӕуы, ӕмӕ йӕ уромӕг нӕ уромы. Кӕд бӕстӕйы разамынд уыдӕттӕ нӕ зонынц, уӕдӕ сӕ хуыздӕр куыст цы у? Уазӕг ӕрвитӕн ныхӕстӕ нын рес хъӕддаг буржуазон, скондыл ныххӕцыдыстӕм, уӕд та йӕ зӕгъын хъӕуы. Ӕндӕр куыд, уӕдӕ! Адӕм хъуамӕ ӕмбарой, кӕм цӕрынц, куыд цӕрынц, цӕмӕн афтӕ цӕрынц, уыдӕттӕ. Бинонты аз нӕм куы ӕрлӕууа, уӕд цымӕ цытӕ ӕнхъӕлмӕ кӕсдзӕн ӕхсӕнады ахсджиаг цӕгмӕ, зӕрдӕлхӕнӕн ныхӕстӕ нын кӕндзысты, ӕндӕр цы? Бинонты цард тынг вазыгджын хъуыддаг у, цӕмӕндӕрты ныббыхсӕн ис, фӕлӕ ӕппынӕдзух быхсын, райсоммӕ, фӕстӕдӕрмӕ кӕсын, мӕнӕ уӕд, кӕддӕр 2030 азы фӕхуыздӕр уыдзӕн, уый цас раст у?

Уӕрӕсейы Президент Владимир Путин Бинонты аз кӕй расидт, 2024 азы йӕ кӕй бӕрӕг кӕндзыстӕм, уый тынг хорз хъуыддаг у. Хъуамӕ регион йӕ цӕстӕнгас бинонты цардмӕ аива, уӕлӕнгай ныхӕстӕй нӕ, фӕлӕ комкоммӕ хъуыддӕгтӕй. Алы бинонтӕ дӕр хъуамӕ исой нывыл мызд, уӕд сын ӕмпъузӕнтӕ, уӕлӕмхасӕнтӕ, ӕххуыс кӕнын нӕ хъӕудзӕн. Фыдӕбонгӕнӕг, фӕллойгӕнӕг хъуамӕ мӕгуыр ма уа! Регионы промышленнон куыстуӕттӕ кӕм сты, кӕддӕр нӕ, фӕлӕ мӕнӕ ныр хъуамӕ кусой ӕппӕт тыхтӕй! Уӕд ӕргъты, фиддонты рӕзт не 'мбардзыстӕм, нӕ ныл ӕруадздзысты сӕ уӕз. Ныр та уыцы уӕзимӕ тыхзмӕлд кӕнӕм...Тыхзмӕлд!

# "Цӕгат Ирыстоны уазӕгдӕттӕ" — федералон программӕ. Уӕдӕ, ӕндӕр куыд?

**Интернеты авналӕнты фӕрцы уайтагъд адӕмыл хабӕрттӕ айхъуысынц. Уӕдӕ куыд! Мӕнӕ, дам, Дзывгъисы туристтӕ сыгъдӕг бынӕттӕ счъизи кодтой, уымӕн уӕвӕн хъуамӕ ма уа, зӕгъгӕ, рафӕдис сты. О, ӕцӕгдӕр, афтӕ у. Фӕлӕ алы 'рдыгӕй нӕ разамынд туристты нымӕцы рӕзтыл куы дзурой, уӕд ма хъуамӕ фӕбӕрӕг кӕной, ''туалеттӕ'', ома, уазӕгдӕттӕ, санитарон уӕттӕ кӕмыты сарӕзтой, уыдӕттӕ дӕр.**

О, ӕцӕгдӕр, нӕ хицауад ирон газет нӕ кӕсынц, нӕ зонынц кӕсын, фыссын. Цыфӕнды куы ныффыссай, уӕддӕр ӕй нӕ бакӕсдзысты. Ӕндӕр нӕ газет ацы фарстайы тыххӕй бирӕ хӕттыты фыста, мӕнӕ ма хицауады кабинеты уӕнгтимӕ "комкоммӕ эфир"-тӕ арӕзт куы цыдысты, уӕд фарста кӕмӕ нал радтон, ахӕм чиновник нал баззад. Фӕлӕ ивгӕ ницы акодта.

Цымӕ нӕ разамонджытӕ хъусгӕ дӕр нӕ фӕкодтой, ахӕм бынӕттӕ ӕнӕмӕнгхъӕуугӕ кӕй сты, уый? Мах хъуамӕ фарста рахӕссӕм федералон ӕмвӕзадмӕ, тыхстаг фарста уым равзардзысты ӕмӕ нын сараздзысты ахӕм, ӕддӕмӕ акӕсӕн бынӕттӕ. Турист йӕ тӕккӕ къубалмӕ уӕларвон ӕнкъарӕнтӕй дзаг куы уа, йӕ уд рӕсугъддзинӕдтӕ фенынмӕ куы тырна, уӕддӕр ӕй иу афон бахъӕудзӕн ӕддӕмӕ акӕсын. Уымӕн ӕмӕ удӕгас у, ӕндӕр гӕнӕн ын нӕй...

Ӕмӕ уӕд цымӕ кӕдӕм акӕса? Кӕм ис уыцы бынат, йӕ ном санитарон уат, уазӕгдон кӕмӕн хуыйны, уый? Цӕмӕдӕр гӕсгӕ нӕ разамынд дзурынц цалдӕр размӕдзыд проектыл, фӕлӕ нӕ санитарон уӕттӕ, уазӕгдӕттӕ тынг кӕй хъӕуынц, уыимӕ рагӕй дӕр, уый та сӕ рохуаты аззайы. Уӕвгӕ, хъарм кабинеты бадгӕйӕ, ӕмбырдтӕ аразгӕйӕ, уырдыгӕй бацӕуӕн ис фадатджын уазӕгдонмӕ... Дзывгъисы фидӕрттӕ цӕмӕн счъизи кодтой ӕрбацӕуӕг адӕм? Уымӕн ӕмӕ не ссардтой ӕндӕр бынат, алы ран къудзитӕ, стыр дуртӕ нӕй. Кӕм ӕрӕвӕрой сӕ къах, сӕхи кӕм баауун кӕной?

Ау, дӕсгай азты дӕргъы уыцы-иу тыхстдзинадыл ӕмбӕлӕм, ӕмӕ йӕ бынатӕй ӕнкъуысгӕ дӕр нӕ кӕны. Нӕ бон, ӕвӕццӕгӕн, нӕу уазӕгдӕттӕ аразын, федералон хицауады бон у сӕрмагонд программӕ саразын, йӕ ном "Цӕгат Ирыстоны уазӕгдӕттӕ", ӕмӕ йӕ царды рауадзын. Гукк, фехъусут нӕ! Республикӕ туристтӕй ӕмызмӕлд кӕнын куы райдайа, уӕд сӕ уазӕгдон, санитарон уат агурынмӕ кӕдӕм арвитдзыстут? Ӕви дӕлӕ Тибеты куыд у, афтӕ хъуамӕ нӕ фӕзуӕттӕ байдзаг уой алы чъизитӕй. Уӕд та нӕм стыхджын уыдзӕн "Экологи"-йы программӕ. Афтӕмӕй, кӕрӕдзиимӕ бастӕй программӕтӕ гуырынц, тынг сӕрӕнӕй сыл дзурӕм, фӕсивӕдмӕ сидӕм, ӕрдз, экологи бахъахъхъӕнӕм, зӕгъгӕ...

> ***Ау, дӕсгай азты дӕргъы уыцы-иу тыхстдзинадыл ӕмбӕлӕм, ӕмӕ йӕ бынатӕй ӕнкъуысгӕ дӕр нӕ кӕны. Нӕ бон, ӕвӕццӕгӕн, нӕу уазӕгдӕттӕ аразын, федералон хицауады бон у сӕрмагонд программӕ саразын, йӕ ном ''Цӕгат Ирыстоны уазӕгдӕттӕ'', ӕмӕ йӕ царды рауадзын. Гукк, фехъусут нӕ! Республикӕ туристтӕй ӕмызмӕлд кӕнын куы райдайа, уӕд сӕ уазӕгдон, санитарон уат агурынмӕ кӕдӕм арвитдзыстут? Ӕви дӕлӕ Тибеты куыд у, афтӕ хъуамӕ нӕ фӕзуӕттӕ байдзаг уой алы чъизитӕй. Уӕд та нӕм стыхджын уыдзӕн ''Экологи''-йы программӕ. Афтӕмӕй, кӕрӕдзиимӕ бастӕй программӕтӕ гуырынц, тынг сӕрӕнӕй сыл дзурӕм, фӕсивӕдмӕ сидӕм, ӕрдз, экологи бахъахъхъӕнӕм, зӕгъгӕ...***

Рӕстдзинад зӕгъын нӕ сӕрмӕ нал хӕссӕм, аххосагӕн йӕ ном коммӕ зӕгъын кӕй ӕмбӕлы, уый нӕ зонӕм? Нӕ хицауад тынг ӕгуыдзӕг сты, ӕндӕр аххосаг мӕ бон ссарын нӕу...



БУТАТЫ Эльзӕ

Культурон бынтӕ

## Уагӕвӕрд ын радтой

**Дзӕуджыхъӕуы Тамайы-фырты уынджы ӕрбынӕттонуӕвӕг 49-ӕм бӕстыхайӕн радтой регионалон нысаниуӕджы культурон бынты объекты уагӕвӕрд.**

Кӕй райдайын уынд бахъахъхъӕдӕуыд, уыцы бӕстыхай нымад у архитектурон ӕмӕ историон хӕзнайыл. Паддзахадон историон-культурон экспертизӕ баххӕстгӕнӕг специалисттӕ бӕстыхайӕн, йӕ историон бӕрӕггӕнӕнтӕ йын сбӕлвырд кӕнгӕйӕ, радтой мӕнӕ ахӕм ном: "А.П.Долговы хӕдзар. 1906 аз". Ацы хабар фехъусын кодта нӕ республикӕйы Культурон бынты объектты хъахъхъӕнынады комитеты минӕвар.

Хӕдзары фыццаг хицау уыд 1877-1878 азты уырыссаг-туркаг хӕсты архайӕг, 1879 аз та Сунжӕйаг полчъы сотникы бынатӕрцахсӕг, булкъон Павел Долговы фырт Александр. Куыд рабӕрӕг, афтӕмӕй 1920 азы ацы адӕймаг фӕсарӕнтӕм цӕрынмӕ ацыд, 1931 аз та хӕдзары хицауыл нымад уыд Александр Долговы фырт Георгий.

Амӕй размӕ амынд уынджы ӕрбынӕттонуӕвӕг 37-ӕм хӕдзарӕн дӕр радтой регионалон нысаниуӕджы культурон бынты объекты уагӕвӕрд.

**ДАТИТЫ Ольгӕ**

Цыбыр ныв

## Хӕснагӕн сайӕн нӕй

*Хъазантемыр уыцы изӕр уыд йӕ дзӕбӕх зӕрдӕйыл. Ӕхсӕвӕры фынгыл, карчы хӕснаггӕнӕны саджилӕг йӕ къухты 'хсӕн рауууилбауууил кӕнгӕйӕ, йӕ усмӕ дзуры:*

*— Цӕй, хӕснаг кӕнӕм?*

*— Ныууадз, дӕ хорзӕхӕй. Хӕснаг рамбулын, фӕлӕ дӕ дзырд никуы сӕххӕст кӕныс. Ивгъуыд хуыцаубоны дӕр та фембылд дӕ, хъуамӕ дӕ нозт ныууагътаис, фӕлӕ, кӕм.*

*— Ацы хатт нал фӕсайдзынӕн мӕ хӕснаг. Цӕй, схӕснаг кӕнӕм.*

*— Хорз, фӕлӕ цӕуыл? — бафарста ус.*

*— Куы дӕ рамбулон, уӕд ӕй зӕгъдзынӕн.*

*Ӕхсӕвӕры фӕстӕ лӕг телевизор баифтыгъта ӕмӕ къӕлӕтджыны арф ӕрбадт. Ус къустӕ афснайдта ӕмӕ диваныл йӕхи ӕруагъта. Ӕрдӕгбыд дзаума йӕ къухмӕ райста, тӕбын йӕхимӕ ӕрбаивӕзта, ӕмӕ къуыбылой диваныл атылд. Лӕг ӕм фӕцырд ӕмӕ йӕ усы къухты фӕсагъта:*

*— Мӕ сайды фӕу, исты ма зӕгъыс?*

*— Ницы, фӕлӕ хӕснаджы сӕр бамбарын кӕн.*

*— Мӕ хӕдон куыддӕр быд фӕуай, афтӕ дӕ цӕгатмӕ тӕргай алидз, — загъта лӕг.*

*— Хорз. Ӕз дӕуау хӕснаджы дзырд нӕ фӕсайдзынӕн, — загъта фӕлмӕн хъӕлӕсӕй ус.*

*Йӕ биинаг бӕстон ӕрбатыхта, къуыбылой дӕр ацахста ӕмӕ сӕ стъолы лагъзы баппӕрста.*

*— Абон уал мын ӕгъгъӕд у. Алы изӕр дӕр дӕ хӕдонӕй исдзынӕн иунӕг цӕг.*

*— Ӕмӕ уӕд кӕдмӕ фӕуыдзынӕ быд? — фестъӕлфыд лӕг. — Кӕд ӕрцӕудзӕн уыцы бон?*

*— Уымӕн банымайӕн ис, — ӕнӕмӕтхуызӕй дзуапп радта ус. — Мӕнӕ ныртӕккӕ кӕй федтай, уый йӕ раз у, рӕсугъд нывӕфтыд. Ис дзы 137 цӕджы. Фӕсонтӕн сӕ уӕрх дыууӕ цӕджы нарӕгдӕр уыдзӕн. Дыууӕ дысы — фӕйнӕ 125 цӕджы.*

*Ӕфцӕггот... Дӕ гуыры ас та хорз зоныс ӕмӕ ӕппӕт уыцы цӕгтӕ хӕдоны дӕргъыл хатт кӕн.*

*— Уӕллӕй, не 'фсин, ды мӕнӕй фӕлитойдӕр дӕ хӕснаджы.*

*— Нӕ, нӕ лӕг, ӕз мӕ ныхас нӕ фӕсайдзынӕн. Куыддӕр хӕдон быд фӕуон, афтӕ мӕ цӕгатмӕ — тӕргай.*

*— Ӕз уӕдмӕ цӕргӕ дӕр нӕ фӕкӕндзынӕн, не 'фсин...*

**ГӔЛУАТЫ-БОЦИТЫ Зояйы архивӕй**

Хъомылад

# Нӕ кӕстӕртӕ — нӕ фидӕн

**Ӕнӕниз ӕмӕ хъӕлдзӕг сабийӕ хуыздӕр ницы ис. Ууыл архайынц 71-ӕм рӕвдауӕндоны кусджытӕ. Разамынд сын ныр 23 азы, дӕтты дӕсны педагог, Цӕгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультеты рауагъдон КУЫДЗИАТЫ Светланӕ.**





Рӕвдауӕндон фыццаг хатт йӕ дуӕрттӕ байгом кодта 1978 азы Хуссайраг поселочы хъӕдыкуыстгӕнӕн фирмӕ "Хъазыбеджы" кусджыты рӕзгӕ фӕлтӕрӕн. Кӕртмӕ бахизгӕйӕ дӕр бӕрӕг у, хорз фӕтк ӕвӕрд дзы кӕй ис, уый. Хъазӕн фӕзӕн йӕ алы къуым дӕр — аргъауы хуызӕн, алыхуызон ирд ахорӕнтӕй ахуырст, херытӕ, сӕрдыгон беседкӕтӕ, цъӕхвӕлыст. Ӕрвылбон ардӕм цингӕнгӕ уайынц 200 чызджы ӕмӕ лӕппуйы, ӕмӕ сыл хи хъӕбултау аудынц рӕвдауӕндоны хъомылгӕнджытӕ. Сабиты райсынц дыууӕаздзыдӕй.



— Ныртӕккӕ нӕ рӕвдауӕндоны ис 10 къорды. Мадӕлтӕ ныл сӕ хъӕбулты бон-изӕрмӕ бауууӕндынц, ӕмӕ хъуамӕ сӕ зӕрдӕхудты мацӕмӕй бацӕуӕм, — зӕгъы Светланӕ. — Стыр ӕргом здахӕм экологон, хъомыладон куыстмӕ. Нӕ чысыл цӕхӕрадоны сывӕллӕттӕ сӕ хъомылгӕнджытимӕ ӕрзайын кӕнынц халсартӕ, — хъӕдындз, нуры, къабуска, нартхор, джитъри ӕмӕ пъӕмидор, стӕй нартхор, дыргъбӕлӕстӕ дӕр нӕм ис.



Сӕрмагонд ӕфсӕддон операцийы архайджытӕн лӕвӕрттӕ, сывӕллӕтты къухӕй конд дзаумӕттӕ ӕмӕ фыстӕджытӕ арвыстам, ӕмӕ нӕм дзуапп дӕр ссыдис. Цӕмӕй нӕ сабитӕ ӕнӕниз уой, уый тыххӕй сын ӕрвылбон вӕййы физкультурӕ, сӕ фынгтыл — ӕнӕмӕнгӕй, ӕхсыры продукттӕ, дзидза, кӕсаг, дыргътӕ ӕмӕ халсартӕ, адджинӕгтӕ.

Хӕдзардзинӕй сӕ цӕттӕ кӕнынц дӕсны хӕринаггӕнджытӕ **Бясты Анжелӕ, Джиоты Неля, Дзукъаты Наирӕ** ӕмӕ **Гаглойты Ирмӕ**.

Ирондзинад цӕмӕй сӕ фыццаг къахдзӕфтимӕ банкъарой, уый тыххӕй рӕвдауӕндоны кусы дыууӕ полилингвалон къорды. Ахуырадон процесс дзы цӕуы мадӕлон ӕвзагыл. Сабитимӕ дӕсны кусынц **Дзуццаты Вандӕ, Дауыраты Мӕдинӕ, Тагъаты Алетӕ, Ӕлборты Ларисӕ**.

— Мӕ куыст зӕрдӕйӕ уарзын, ӕхсызгон мын у, сабиты нымӕц фылдӕр кӕй кӕны. Кӕстӕртӕ цы хъӕубӕсты ис, уымӕн тыхджын у йӕ фидӕн, — зӕгъы фӕлтӕрдджын хъомылгӕнӕг Ӕлборты Ларисӕ.

Куыстыл ӕнувыд у ӕппӕт коллектив дӕр. Арфӕйы ныхӕсты аккаг сты **Наталья Горбатых, Светланӕ Песецкая, Кокойты Анжелӕ,** музыкӕйы ахуыргӕнджытӕ **Куыдзиаты Ларисӕ** ӕмӕ **Наталья Ревия**. Уыдоны фарсмӕ арӕхстджынӕй кусынц ӕрыгон хъомылгӕнджытӕ. Дзӕбӕхгӕнӕн физкультурӕ та сабитӕн амоны **Дзодзыккаты Земфирӕ**. Кӕрты сыгъдӕгдзинадмӕ кӕсынц **Цыбырты Настя** ӕмӕ **Валя**.

Рӕвдауӕндонӕн алывӕрсыг ӕххуыс кӕнынц Дзӕуджыхъӕуы ахуырады управленийы хицау **Батырты Аслан**, йӕ хӕдивджытӕ **Нартыхты Лаурӕ, Къорнаты Арсен**, специалисттӕ **Хъӕрджынты Маринӕ, Наталья Скобко**.

Ӕнгом ӕмгуыстад сын ис поселочы 8-ӕм астӕуккаг скъола ӕмӕ библиотекӕимӕ. Кӕддӕриддӕр сӕ фарсмӕ ӕрбалӕууынц Хуссайраг поселочы администрацийы сӕргълӕууӕг **Касаты Болат**, специалист **Хортиты Валодя** ӕмӕ сабиты ныййарджытӕ.

Ӕрӕджы рӕвдауӕндоны сарӕзтой диссаджы хъӕлдзӕг ӕмӕ зӕрдӕмӕдзӕугӕ бӕрӕгбон — армукъа. Цы бирӕ уазджытӕ сӕм ӕрбацыд, уыдонимӕ — "Рӕстдзинад"-ы минӕвӕрттӕ дӕр. Ӕцӕг армукъайы куыд вӕййы, афтӕ тӕрхӕджытӕ дзаг уыдысты алыхуызон хойрӕгтӕй, — адджинӕгтӕ, дыргътӕ, лауызтӕ, ирон кӕрдзын ӕмӕ хӕрыны нас, чъиритӕ. Алырдыгӕй хӕрздӕф цыдис. **Челӕхсаты Мӕдинӕйӕн** ацы рӕвдауӕндонмӕ цӕуы ӕртӕ фырты — Георги, Алан ӕмӕ Сослан, сӕ мадимӕ бацӕттӕ кодтой хиконд дзаумӕттӕ, скодтой хӕринӕгтӕ ӕмӕ сӕ армукъамӕ ӕрбахастой.

Кӕрты иннӕ фарс та иумӕйаг хъазт сарӕзтой, кафыдысты ӕмӕ зарыдысты хъӕлдзӕгӕй.

Бирӕ арфӕйы ныхӕстӕ фехъуыстой уыцы бон рӕвдауӕндоны кусджытӕ ӕмӕ сӕ фыдӕбонӕй райгонд уӕнт кӕддӕриддӕр.

**ГУГКАТЫ Жаннӕ, къамтӕ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианӕ**

**Спортивон фидиуæг**



**Самбо**

# Ерыстæ — юбилейты кадæн

**Ивгъуыд къуыри Хъуылаты Базийы номыл спортивон галуаны самбойæ цыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл гом ерыстæ æрыгæтты 'хсæн.**

РЦИ-Аланийы спортсментæй уæлдай, гауызыл сæ арæхстдзинад æвдыстой Хуссар Ирыстон, Кæсæг-Балхъар, Хъæрæсе-Черкес, Цæцæн æмæ Дагестаны республикæты самбисттæ.

Ерыстæ арæзт æрцыдысты Уæрæсейы самбойы 85 азы æмæ нæ бæстæйы Физикон культурæ æмæ спорты министрады 100 азы кадæн. Сæ гом кæныны мадзалы спортсментæ æмæ спортуарзджытæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой: Дзæуджыхъæуы муниципалон сконды сæргълæууæг **Александр Пациорин**, РЦИ-Аланийы самбойы федерацийы президент **Фидараты Таймураз**, Дзæуджыхъæуы бынæттон администрацийы фæсивæдон политикæ, Физикон культурæ æмæ спорты комитеты сæрдар **Хъуыбæтаты Тимур** æмæ йæ хæдивæг **Айларты Зауыр**, политикон парти "Иугонд Уæрæсе"-йы цæгатирыстойнаг хайады нымæрдар **Едзойты Марат**.

250 æрыгон самбисты ерыс кодтой дыууæ кары 10-13 æмæ 14-16 азы онг.

Дыууæ къорды дæр æвзонг спортсменты ерыстæ рауадысты зæрдæмæдзæугæ. Нæ кæстæртæ тырныдтой самбойы рæсугъддзинад равдисынмæ, æмæ дзы бирæтæн уый сæ къухы бафтыд.

Хæрз æрыгон самбистты (10-13-аздзыд) 'хсæн ирыстойнаг лæппутæ рамбылдтой: дыууæ 1-аг, æртæ 2-аг æмæ фараст 3-аг бынæттæ.

1-аг бынæттæ рамбулæг систы: 35 кг — **Дзадзиты Тимур** (тренер **Илья Циклаури**) æмæ 60 кг — **Руслан Кабин** (тренер **Колыты Игор**); 2-аг бынæттæм рацыдысты: 34 кг **Козаты Руслан** (тренер **Козаты Алан**) æмæ 50 кг — **Хацырты Тимур** (тренер **Козаты Алан**); 3-аг бынæттæ бацахстой: 42 кг — **Танделаты Барсæг** æмæ **Тедеты Марик**, 46 кг — **Козаты Давид** æмæ **Хосроты Ренат**, 50 кг — **Руслан Зиатулин**, 55 кг — **Чекойты Георги**, 60 кг — **Бежанты Сæрмæт**, 65 кг — **Джиоты Владислав** æмæ **Алæгаты Георги**.




Сæ бацæттæгæнæг тренертæ сты: Илья Циклаури, Козаты Алан, **Дзуццаты Эдуард**, **Хуыгаты Юри**, Колыты Игор, **Хъоцыты Тамерлан** (РХИ), **Хуыбаты Уча** æмæ **Дзабиты Олег.**

Ацы кары иннæ уæзты 1-аг бынæттæ бацахстой: 31 кг — **Аммар Кумышев** (КБР), 34 кг — **Амир Гендугов** (КБР), 42 кг — **Мухаммаж Жиляев** (КБР), 46 кг — **Константин Заводов** (Хъ УР), 50 кг — **Имран Берхамов** (КБР), 55 кг — **Рашид Тарамов** (ЦР), 65 кг — **Умар Дашиев** (ЦР).

14-16-аздзыд самбистты ерыстæ рауадысты ноджы цымыдисагдæр. Ацы кары дæр ерыстæ цыдысты фараст уæзы, æмæ дзы РЦИ-Аланийы спортсментæ рамбылдтой 20 хæрзиуæджы. 1-аг бынæттæм рацыдысты: 46 кг — **Кокайты Давид** (тренер Илья Циклаури), 49 кг **Иван Федин** (тренер **Александр Карамышев**), 64 кг — **Чертхъоты Сослан** (тренер Хуыбаты Уча), 71 кг — **Исахъты Давид** (тренер Козаты Алан).

Иннæ уæзты фыццаг бынæттæ бацахстой: 53 кг — **Темирлан Каншоев** (КБР), 58 кг — **Джамал Хиясов** (РД), 79 кг — **Атмир Мамиев** (КБР), 88 кг — **Хъуылымбегты Феликс** (РХИ, тренер **Хъотайты Дмитри**), 88 кг+ — **Магомед Шурапудинов** (РД).

Нæ лæппутæ цыппар сыгъзæрин майданæй уæлдай ма рамбылдтой фондз æвзист æмæ æртындæс бронзæ майданы.

Æвзист майдантæй хорзæхджынгонд систы: 58 кг — **Икъоты Георги**, 64 кг — **Бызыккаты Давид**, 71 кг — **Ренат Зинатулин**, 79 кг — **Кобесты Таймураз** (РХИ), 88+ — Кокойты Таймураз (РХИ). Сæ бацæттæгæнæг тренертæ сты: **Тедеты Феликс**, Хуыбаты Уча, Илья Циклаури æмæ Хъотайты Дмитри. Ацы тренерты хъомылгæнинæгтæ ма рамбылдтой 13 бронзæ майданы.

Ерысты ацыдæй разыйæ баззадысты нæ бирæ уазджытæ, æмæ уый уыд уæлдай æхсызгондæр сæ саразджытæн.

Самбойæ нæ республикæйы иугонд командæйы сæйраг тренер **Гаситы Петр** не 'взонг самбистты архайд банымадта хорзыл: "Нæ кæстæртæ цы тырнынад равдыстой самбойы рæсугъддзинад равдисынмæ, уый æхсызгон хъуыддаг у. Кæд алцы сæ къухы нæма 'фты, уæддæр сæ архайдæй зæрдæ барухс вæййы. Самбо у, царды чи бахъæуы, ахæм спорты хуыз, æмæ мах бузныг стæм йе 'рхъуыдыгæнджытæй. Хъуамæ уыцы хæрзгæнджыты нæмттæ рох ма кæной нæ ног фæлтæртæ. Мах бузныг зæгъæм, нæ абоны ерыстæ саразынмæ нæм йе 'ххуысы хай чи бахаста, уыдонæй. Уыдон сты Уæрæсе æмæ РЦИ-Аланийы самбойы федераци, Дзæуджыхъæуы бынæттон администраци, нæ республикæйы Физикон культурæ æмæ спорты министрад. Уæлдай арфæйы аккаг сты бæгæныфыцæн хæдзар "Бавари" æмæ йæ сæргълæууæг **Битарты Вячеслав.** Уыдон та сæхимæ райстой нæ хæрдзты фылдæр хай. Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ æвзæрст æрцæудзысты, ацы кары иугонд командæйы рæнхъыты Уæрæсейы Хуссар æмæ Цæгат Кавказы федералон зылдты иумæйаг ерысты чи хæцдзæн, уыцы самбисттæ. Ерыстæ кæд цæудзысты, уый сбæлвырд уыдзæн фæстæдæр".

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

**Ног чиныг**

## Сывæллæтты энциклопеди

**Цæгатирыстойнаг рауагъдад "Ир"-ы рацыд нæ республикæйы сывæллæтты фыццаг энциклопеди "Мой Иристон". Ацы хабар фехъусын кодта регионы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы хъуыддæгты комитеты пресс-службæ.**

Райгуырæн Ирыстоны, ахсджиаг историон цаутимæ дзыллæты чи зонгæ кæны, уыцы энциклопедийы ныхас цæуы нæ республикæйы хъуыстгонд адæймæгты æнтыстдзинæдтыл, наукон æмæ культурон куыстыл, стæй мах дуджы VI-VII æнусты æндидзынад VIII-XIV æнусты онг Алайнаг паддзахады фехæлды онг историон цаутыл.

Уырыссаг-япойнаг хæстæй райдайгæйæ, алыхуызон хæстыты чи архайдта, чиныгкæсæг базонгæ уыдзæн ахæм æхсарджын æфсæддон разамонджыты нæмттимæ. Чиныгараздæджытæ уæлдай фылдæр æргом аздæхтой 1774 Уæрæсеимæ Ирыстоны иукæнынады темæмæ, уымæн æмæ амынд заманæй фæстæмæ райдыдта нæ адæмы историйы ног къæпхæн.

Энциклопеди фæпайда уыдзæн канд скъоладзаутæн нæ, фæлæ райгуырæн регионы историмæ æргомздахæг æппæт адæймæгтæн дæр.

Энциклопеди "Мой Иристон"-æн кадджын уагæй презентаци сараздзысты. Тиражы хай балæвар кæндзысты республикæйы библиотекæтæн.

**РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты пресс-службæ**

**Нымæцтæ**

## Цæрæнуæтты арæзтад

**Цæгат Ирыстоны Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады æхсæнадон советы æмбырды архайджытæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй нæ республикæ цæрæнуæтты арæзтады пълан уæлдайджынтæй æххæст кæны.**



Ацы азы дæс мæймæ сарæзтæуыд 415206 квадратон метры цæрæнуæттæ (ома, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, 33,4 проценты фылдæр). Ацы фæзуатæй 181251 квадратон метры хауынц хицæн адæймæгты, 233955 квадратон метры та — бирæфатерон хæдзæрттæм.

— Национ проект "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг уавæртæ"-мæ гæсгæ ацы аз нæ республикæйы саразын æмбæлы 450 мин квадратон метры цæрæнуæттæ. Ацы фæзуæттæй 183 мин квадратон метры хаудзысты хицæн адæймæгты, 267 мин квадратон метры та — бирæфатерон хæдзæрттæм, — загътой æмбырды архайджытæ.

**Фиппаинаг:** æмбырд амыдта профилон ведомствæйы разамонæджы хæдивæг **Бæззаты Дмитри.**

**Нæ уацхæссæг**

**Аивад**

## Оперон ирон зарæггæнæг

**Уæрæсейы адæмон артисткæ ГЕРГИТЫ Ларисæйы авторон проект "Лариса Гергиева представляет" райдыдта РЦИ-Аланийы Мариинаг театры филиалы 7-æм сезоны.**



Ацы проекты Ирыстоны музыкæуарзджытæ базонгæ сты æртæ курдиатджын зарæггæнæджы нæмттæ æмæ сæ вокалон аивадимæ. Фыццаг хатт рацыдысты сæрмагонд концерттимæ концертон залы сценæмæ. Вокалон музыкæ "Лариса Гергиева представляет"-ы радон изæр базонгæ кæндзæн оперон зарæггæнæгимæ, дунеон конкурсты лауреат, Стыр театры Фæсивæдон оперон программæйы рауагъдон, Дзæуджыхъæуы Оперæ æмæ балеты Мариинаг театры филиалы солисткæ **Багаты Зæринæимæ**.

Æрæджы Дзæуджыхъæуы йæ фыццаг сæрмагонд концерты рацыд концертмейстеримæ, дунеон конкурсты лауреат æмæ дипломант, пианинойыл цæгъдæг Тадтаты Аннæимæ. Уыцы вокалон музыкæйы изæр арæзт æрцыд зындгонд уырыссаг композитор, пианист æмæ дирижер Сергей Рахманиновы райгуырды 150-ай азы номыл. Бæрæг æй кæнынц æрмæст Уæрæсейы нæ, фæлæ ма æппæт музыкалон дунейы дæр.

— Æз Багаты Зæринæйы зонын, Гергиты Валерийы номыл аивадон колледжы куы ахуыр кодта, уæдæй нырмæ. Вокалы педагог Хестанты Неллийы ахуырдзау, йæ ирд аивадон хицæндзинадæй Зæринæ уайтагъд йæхимæ æркæсын кодта. Уæрæсейы Гнесинты номыл музыкалон академи каст куы фæци, уæд æй райстой Уæрæсейы Стыр театры Фæсивæды оперон программæйы артистты труппæмæ. Æрæджы мын бантыст дæсныйады уроктæ кæнын Стыр театры фæсивæдæн. Æхсызгонæй мæ бон у фæбæрæг кæнын, йæ ирд вокалон æвдисæнтæм, Багаты Зæринæ раззагдæр бынæттæ кæй ахста, уый. Мах бацæттæ кодтам программæ романстæй, уыдонимæ дæсныйады урокты фæстиуджыты фæстæ Зæринæ архайдта концерты. Йæ хъæлæсы рæсугъддзинад æмæ аивадон хъуыдыты цæттæдзинадæй дисы æрмæст мæн нæ бафтыдта, фæлæ ма концертмæ æрбацæуæг адæмы дæр. Æз æрбахуыдтон Багаты Зæринæйы йæ райгуырæн Ирыстонмæ, цæмæй Оперæ æмæ балеты Мариинаг театры филиалы солисткæ уа, афтæмæй йын Мæскуы æмæ æндæр горæтты йæхи проектты архайыны фадат дæр уыдзæн. Ныртæккæ Зæринæ кусы италиаг композитор Умбертойы хъуыстгонд оперæйы Федорæйы партийыл. Джорданойы "Федора"-ы азардзæн сæйраг парти, — загъта Оперæ æмæ балеты Мариинаг театры аивадон разамонæг Гергиты Ларисæ.

**АБАЙТЫ Зæлинæ**

**Сфæлдыстад**

## Бакастысты Къостайы æмдзæвгæтæ

**Ивгъуыд мæйы Къостайы ном зæрдыл æрлæууын кæныны тыххæй, Ирон театры раз уæрæх фæзы æрæмбырд бирæ адæм.**

Уыдонимæ уыдысты Дзæуджыхъæуы 46-æм рæвдауæндоны ирон æвзаджы ахуыргæнæг Хетæгкаты-Кокайты Заремæ æмæ йæ гыццыл хъомылгæнинæгтæ — Хъаныхъуаты Мария æмæ Аленæ Шахова.

Маринæ микрофоны раз тынг зæрдæмæдзæугæ бакасти æмдзæвгæ "Къоста", Аленæ та Къостайæн йæхи æмдзæвгæ "Фæззæг" уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй бакаст. Сæ дыууæйæн дæр адæм сарæзтой тыхджын къухæмдзæгъд.



Хетæгкаты Заремæ нын куыд радзырдта, афтæмæй рæвдауæндоны разамынд стыр æргом здахы сабитæн мадæлон æвзаг бауарзын кæнынмæ, саразынц сын алыхуызон зонадон мадзæлттæ, ахонынц сæ музейтæм, арæх бабæрæг кæнынц Къостайы хæдзар-музей. Куыст цæуы сывæллæтты ныййарджытимæ дæр, цæмæй хæдзары фылдæр иронау дзурой семæ, кæсой сын ирон чингуытæ.

**ДÆБÆЛАТЫ Валодя**

**Хъæппæрис**

## Ветерантæн — хъæды терапи

**"Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ"-йы паддзахадон филиалы фонд Цæгат Ирыстоны æххæст кæны социалон проект "Алкæмæн дæр хъæды терапи". Уый конд цæуы сæрмагонд æфсæддон операцийы рæстæг цæфтæ райсæг æмæ Уæрæсейы Бæстæ хъахъхъæнæн хæстон госпитæлы реабилитаци ацæуæг ветерантæн.**




Ветерантæн фадат фæцис тезгъо кæнын æмæ хъæды терапийы æууæлтæй сæ мондæгтæ суадзынæн. Хъæды терапи кодтой сæрмагонд тезгъогæнæн къæлæтджын бандæттыл. Уæлдай хæстæ ацы ран сæхимæ райстой Цæгат Кавказы суворовон училищæйы ахуырдзаутæ, уыдон ветерантимæ бархионты хуызы иумæ ацыдысты.

Суворовонты социалон хъæппæрис æвзонг инæлартæн фæцис уæлдай хæзнатæ, фæлтæрддзинад райсыны гæнæн. Уыдон æрдзы диссаджы æууæлтæ базыдтой, ветерантæм æмæ ацæргæ адæммæ сæ кад равдыстой.




Æнæниз удыхъæд равдисыны тыххæй сыгъдæг уæлдæфы физикон зарядкæ скодтой, сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеран **Саламаты Таймуразы** разамындæй. Къухæй хæцыны спорты мастер равдыста, æхсæнады æнæниз царды уаг ахсджиаг кæй у, уый.

**Нæ уацхæссæг**

**РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ**

11 декабря К.З. СОГУ 19.00
Аслан Шавталов
ЮБИЛЕЙ 35 лет на сцене
Заслуженный артист Российской Федерации,
Народный артист РСО-Алания,
обладатель медали "ВО СЛАВУ ОСЕТИИ"
УЧАСТНИКИ КОНЦЕРТА:
Государственный академический ансамбль «Алан», Агунда Кокойти и государственный камерный хор «Алания», Алла Хадикова, Светлана Медоева, Элита Секинаева, группа «Фидан», Эдуард Дауров, Олег Тайсаев, Яна Лысенко, Светлана Габуева, Батраз Фардзинов, Тамара Персаева, Артур Халатов, Римма Царикаева и др.

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Журнал "Ирæф" æмæ газет "Дигорæ"-йы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц се 'мкусæг Миндзайты Валяйæн, йæ мад

**МИНДЗАЙТЫ-ТАУЫТТЫ**
**Георгийы чызг Розæ**

кæй амард, уый фæдыл.

**Произвожу профессиональную обрезку плодовых деревьев. Работает профессионал. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;** 3-аг фарсæн — **Рубайты Нелли.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;** 3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-96-50.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3146.
Заказ № 1374.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.
**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**